

Ki engredyan ki nan vaksen kont COVID-19 la?

ct.gov/covidvaccine



Vaksen Pfizer-BioNTech la

- **95% efikasite**
- Kantite piki: **2 piki nan yon espas 21 jou**
- Yo otorize l pou moun ki gen **16 an oswa plis**
- **Engredyan:** asid ribonikleyik mesaje (ARNm), lipid (((4-hydwoxibitil)azanediyl)bis(egzàn-6,1-diyil) bis(2-egzildekanowat), 2 [(poliyetilèn glikòl)-2000]-N,N-ditetradesilasetamid, 1,2-disteyawòyl-sn-glisewo-3-fosfokolin, ak kolestewòl), klori potasyòm, fosfat potasyòm mono-atomik, klori sodyòm, fosfat disodik diydrit, ak sakawoz
- **Esplikasyon** sou engredyan yo:
 - Lipid: Nanolipid, oswa ti molekil grès ki toupati, pwoteje ARNm lan e yo ba li yon sifas eksteryè ki "gra" pou ede ARNm lan glise anndan selil yo. Engredyan nanolipid ki fè pati konpozisyon vaksen Pfizer-BioNTech la se: ((4-hydwoxibitil)azanediyl) bis(egzàn-6,1-diyil)bis(2-egzildekanowat), 2 [(poliyetilèn glikòl)-2000]-N,N-ditetradesilasetamid, 1,2-disteyawòyl-sn-glisewo-3-fosfokolin, ak kolestewòl
 - Sèl: Sèl yo ekilibre asidit kò w. Men sèl ki fè pati konpozisyon vaksen Pfizer-BioNTech la: klori potasyòm, fosfat potasyòm mono-atomik, klori sodyòm ak fosfat disodik diydrit
 - Sik: Ou ka jwenn sik debaz tout moun itilize nan manje yo, sètadi sakawoz, nan vaksen Pfizer-BioNTech la. Engredyan sa a ede molekil yo kenbe fòm yo pandan jèl la.
- **Men ki engredyan vaksen an pa genyen: Ze, ajan konsèvasyon, latèks**

Pou jwenn plis enfòmasyon, li fèy enfòmasyon FDA a sou vaksen Pfizer-BioNTech la:
www.fda.gov/media/144414/download

Vaksen Moderna a

- **94% efikasite**
- Kantite piki: **2 piki nan yon espas 28 jou**
- Yo otorize l pou moun ki gen **18 an oswa plis**
- **Engredyan:** asid ribonikleyik mesaje (ARNm), lipid (SM-102, poliyetilèn glikòl [PEG] 2000 dimiristòyl glisewòl [DMG], kolestewòl ak 1,2-disteyaròyl-sn-glisewo-3-fosfokolin [DSPC]), twometamin, idwoklorid twometamin, asid asetik, asetat sodyòm ak sakawoz
- **Esplikasyon** sou engredyan yo:
 - ARNm: Menm jan ak vaksen Pfizer BioNTech la, vaksen Moderna a itilize teknoloji ARNm lan pou pwodui antikò k ap konbat COVID-19 la.
 - Lipid: Nanolipid yo ede ARNm lan antre nan selil kote li dwe antre a. Men nanolipid ki fè pati konpozisyon vaksen Moderna a: (SM-102, poliyetilèn glikòl [PEG] 2000 dimiristòyl glisewòl [DMG], kolestewòl ak 1,2-disteyaròyl-sn-glisewo-3-fosfokolin [DSPC])
 - Engredyan ki rete yo, sètadi asid (asid asetik), estabilizatè asid (twometamin ak idwoklorid twometamin), sèl (asetat sodyòm) ak sik (sakawoz), travay ansanm pou ede vaksen an rete estab apre yo fin pwodui l.
- **Men ki engredyan vaksen an pa genyen: Ze, ajan konsèvasyon, latèks**

Pou jwenn plis enfòmasyon, li fèy enfòmasyon FDA a sou vaksen Moderna a:
www.fda.gov/media/144638/download



Pran yon vaksen se youn nan anpil bagay ou ka fè pou pwoteje tèt ou e pou pwoteje lòt moun kont COVID-19 la.

Kay kèk moun, COVID-19 la lakòz maladi grav oswa lanmò. Lè ou pran vaksen an, non sèlman w ap pwoteje tèt ou kont COVID-19 la, men tou w ap pwoteje moun ki bò kote w yo poutèt w ap anpeche l gaye plis toujou. Pou kanpe yon pandemi, nou bezwen itilize tout zouti prevansyon ki disponib yo. Vaksen yo travay ak sistèm iminitè w pou kò w gen kapasite pou l konbat viris la. Genyen lòt aksyon, tankou mete kach-nen epi respekte distansyasyon sosyal la, ki ka fè w gen mwens chans pou ekspozè ak viris la e pou gaye l bay lòt moun. Lè ou pran vaksen kont COVID-19 la epi ou suiv tout rekòmandasyon CDC yo pou pwoteje tèt ou e pou pwoteje lòt moun, se pi bon pwoteksyon ou ka jwenn kont COVID-19 la.

SOUS

- www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/Pfizer-BioNTech.html
- www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/Moderna.html
- www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/how-they-work.html
- www.hackensackmeridianhealth.org/HealthU/2021/01/11/a-simple-breakdown-of-the-ingredients-in-the-covid-vaccines

